

Kay nan tout peyi

Fòm kay chanje
de yon peyi
ak yon lòt
paske koutim
ak kilti yo
pa menm.

Gen peyi ki bati
kay sou dlo,
Gen peyi se gratsyèl
yo genyen.
Gen peyi se ajoupa
Gen lòt se
Gran kay brik.

- O Montre elèv yo foto kay nan peyi etranje: (kay bato - kay sou pye bwa - kay sou piloti anlè dlo - ajoupa - anga - iglo - tant ...) Mande elèv yo dekri karakteristik bay sa yo. Eksplike elèv yo kay nan gran vil yo, snable sa yo wè nan Nouyòk, men nan ti vilaj - andeyò ak nan kèk peyi etranje, kay yo trè diferan. Eksplike yo poukisa moun yo bati diferan kay sa yo parekzanp: eskimo - afriken nan fo èyo - moun kap viv nan dezè... Etabli konparezon ant materyo moun itilize, jan yo bati kay avèk klima peyi yo.
- o Fè elèv yo fè desen kay yo konn wè andeyò an Ayiti.
- O Fè elèv yo fè desen osnon konstwi ak papye, katon, osnon ajil on kay yo ta renmen abite ak di poukisa.
- O Fè elèv yo bati kay ak bout bwa, fè yo fè pye bwa avèk pay, bèt ak patamodle, pou yo fè on ti vilaj.
- O Fè elèv yo fè desen osnon kolaj kay yo ta renmen bati si yo tap viv nan youn nan kote sa yo: dezè, peyi frè, forè cho. Si sa yo ta renmen genyen spesifikman nan kay pou chak rejyon sila yo.